

# Peye pou Kafeterya Alavans nan [www.paypams.com](http://www.paypams.com)

## ITILIZATÈ KI DEJA GEN YON KONT

1. **Konekte sou [www.paypams.com](http://www.paypams.com):** Tcheke pou wè si kat kredi/debi ki nan dosye ou a pa ekspire e si adrès imel ou ajou.
2. **Si W Bliye Modpas ou:** Si w te gen yon kont avèk PayPAMS avan, men ou bliye modpas ou, klike sou lyen 'Forgot Password' ki sou paj prensipal PayPAMS.com nan. Si ou pa t ka rejwenn modpas ou atravè lyen 'Forgot Password' la, kontakte sèvis sipò pou kliyan an nan paj 'Contact Us' la. Pa kreye yon lòt kont. Note: Modpas yo diferansye lèt majiskil ak lèt miniskil.
3. **Transfere Balans yon Ane sou yon Lòt Ane:** Nenpòt balans ki rete sou kont repa yon elèv ap transfere otomatikman sou lòt ane a.
4. **Nòt enpòtan:** Si yon elèv transfere soti nan yon lekòl pou ale nan yon lòt lekòl nan menm distri lekòl la, sa ka pran youn oubyen de jou pou transfere balans la soti nan ansyen lekòl la pou ale nan nouvo lekòl la. Pandan peryòd tan sa a, balans ki sou kont PayPAMS ou a ka montre chif \$0.00. Si w pa sèten si kont elèv la gen yon balans, nou rekòmande pou w fè yon peman.
5. **Ranbousman:** Pou demand ranbousman, tanpri voye yon imel bay Jose Antigua nan Depatman Manje ak Nitrisyon: joseantigua@dadeschools.net oubyen rele 786-275-0409.



Pay Now



Account Balance



Add/Remove Students



Payment History



Cafeteria Purchases

## NOUVO ITILIZATÈ ENSKRI KOUNYE A

1. Ale nan [www.paypams.com](http://www.paypams.com) epi klike sou bouton '**Sign Up Now!**' ki sou paj prensipal la.
2. Chwazi **Florida**, ansuit chwazi **Miami - Dade County Public Schools**
3. **Kreye yon non itilizatè ak modpas** epi antre enfòmasyon sou kontak ou.
4. **Ajoute timoun** sou kont ou a.
5. **Fè peman**

## KONSÈY K AP ITIL LÈ W AP OUVRI YON KONT

1. **Non Itilizatè:** Kreye yon non itilizatè ki pa sanble ak okenn lòt. Si sistèm nan fè w konnen gen yon lòt moun ki deja chwazi non itilizatè sa a, chwazi yon lòt.
2. **Si Kont la Egziste Deja:** Si sistèm nan fè w konnen gen yon kont ki egziste deja sou menm nimewo telefòn ak adrès imel la, kontakte sèvis sipò kliyan ki sou laj 'Contact Us' la.
3. **Balans Kont Repa a ak Acha nan Kafeterya a:** Sa pran yon (1) jou pou enfòmasyon sou balans ak acha nan kafeterya yo parèt. Sepandan, ou ka fè peman imedyatman apre w fin ouvè kont la. Si w pa ka wè balans yo de (2) jou apre w fin ajoute elèv la sou kont la, kontakte sèvis sipò kliyan ki sou laj 'Contact Us' la.

KÒM YON ANKOURAJMAN POU N FÈ PEMAN SOU ENTÈNÈT, POU CHAK PEMAN PAYPAMS KI VO \$40.00 OSWA PLIS NAN KONT ELÈV LA, N AP AJOUTE YON KREDI \$2.40 SOU KONT KAFETERYA OU A, W AP KA ITILITE POU NENPÒT ACHA

# Bon Konsèy Pou W ka Itilize [www.paypams.com](http://www.paypams.com)

## PAMEN

1. **Afichaj Peman:** Rete tann yon (1) jou lekòl pou yon peman ka parèt sou kont elèv la nan kafeterya lekòl la. Pandan pwosesis peman an ka fèt pi vit, balans ki sou sit PayPAMS la ap reflekte peman ou sot fè a jiskaske kafeterya a konfime resi pou peman an.
2. **Konfimasyon Peman:** Lè pwosesis peman an fin konplete, w ap wè yon nimewo konfimasyon peman sou kont la, e n ap voye yon imel pou enfòmasyon w peman an konplè. Si w pa wè yon nimewo konfimasyon pou peman an, sa vle di peman an pa fèt.
3. **Lè Yo Refize yon Peman:** Si yo refize peman an, verifiye si tout enfòmasyon ou te bay pou metòd peman yo kòrèk. Si tout enfòmasyon yo kòrèk, e yo toujou refize peman an, kontakte konpayi kat kredi a pou plis enfòmasyon. Men rezon ki ka fè yo refize yon peman ak kat kredi: kont la manke kredi/lajan sou li, enfòmasyon sou metòd peman yo pa kòrèk, kont kat kredi a fèmen, oswa kat kredi a ekspire.
4. **Peman pou menm elèv la sou de (2) kont diferan:** Pou evite diplikasyon sou kont yo, PayPAMS pèmèt ou asosye yon elèv avèk sèlman yon (1) kont. Si (2) de moun yo, paran/gadyen an pa ka pataje menm non itilizatè ak modpas, kontakte sèvis sipò kliyan ki sou laj 'Contact Us' la.
5. **Frè pou Komodite:** Gen yo frè \$2.40 pou chak peman ki fèt atravè PayPAMS. Yo chaje frè sa a pou kouvri depans pou pwosesis peman an e pou fè mentnans sou sit entènèt la. Pou chak peman PayPAMS ki vo \$40.00 oswa plis sou kont elèv la, yo ap ajoute yon kredi \$2.40 sou kont elèv la, l ap ka itilize pou fè acha nan kafeterya a.
6. **Kat Kredi Nou Aksepte:** PayPAMS aksepte kat kredi ansanm ak kat debi
7. **Kat Kredi / Relve Labank:** Peman PayPAMS yo ap parèt sou relve kat kredi/labank ou kòm peman sou 'PayPAMS.com', oswa 'PAMS-<Miami-Dade County Public Schools>'

## ACHA NAN KAFETERYA

Pandan PayPAMS montre acha ki fèt nan kafeterya a, nou pa kontwòle sa elèv la ap achte oswa sa l ap manje. Pou kesyon konsènan acha nan kafeterya a, kontakte kafeterya lekòl la dirèkteman. Aktivite Elèv la kòmanse parèt sèman nan jou paran an te ajoute l sou PayPAMS. Done yo ap disponib pou 90 jou.

## OU BEZWEN ÈD?

Vizite [www.paypams.com](http://www.paypams.com) e klike sou 'Help' pou w ka navige sou Pòtal Sipò a.



## KENBE SA A POU REFERANS OU

Non Itilizatè: \_\_\_\_\_

Modpas: \_\_\_\_\_

**KÒM YON ANKOURAJMAN POU N FÈ PEMAN SOU ENTÈNÈT, POU CHAK PEMAN PAYPAMS KI VO \$40.00 OSWA PLIS NAN KONT ELÈV LA, N AP AJOUTE YON KREDI \$2.40 SOU KONT KAFETERYA OU A, W AP**